Сонда, Шайтанның тилиниң астында теңге болады екен, соны Нурабулла жыраў алып қойған, себеби ол теңге шайтанның жаны болған дейди. Кейин шайтан Нурабулла жыраўға жалынып *"мениң теңгемди бер, мен сениң 7-пуштыңа шекем жоламайман"* деп сол шәрт пенен теңгесин қайтарып берген екен. Бул ўақыяны Есемурат жыраў ақлығы Ибрайым жыраўға, Ибрайым жыраў баласы Асқар ағаға айтып берген екен [4].

Мине, Нурабулла жыраўдың әрўақлы, арқалы жыраў болғанлығын жоқарыда келтирилгениндей шайтанды көрип, оны услап бәнт қылып, сөйлескенлигинен аңлаған болсақ, баласы Есемурат жыраўдың әрўағы әкесинен анағурлым әззилеў екенин Нурабулланың услаған шайтанын Есемурат көрмеген, лекин оның шыңқырған даўысын қулағы еситкенлигинен билсек болады.

Усы орында халқымызға белгили журналист Есенбай Ермановтың «Жумабай Жыраў Базаров» атлы жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилигине арналған китабында Нурабулла жыраў хаққында Жумабай жыраўдың аўзынан жазып алынған төмендеги мағлыўматларды келтирип өткен:

Нурабулла жыраў атақлы Турымбет жыраўдан тәлим алған ҳәм қарақалпақтың маңлай алды жыраўы болып өткен. Бир жыллары Хийўа ханы қарақалпақтан 3 жыраў шақырады. Ханнан ҳәмир болса пуқараға не турыс. Нурабулла қасына Әбдирасули жыраўды ҳәм ол ўақытлары жас талантлы жыраў есапланатуғын баласы Есемурат жыраўды ертип Хийўаға сапар етеди.

Хан жыраўларды жыллы қабыллайды. Сыйлы миймән етеди. Ертеңине үлкен терис әйўанды жасандырып төсеп, жыраўларды алдына отырғызады. Ҳаял-балашағаларын жайдың жоқарғы қабатындағы орынға жайластырады. Нурабулла жыраў гейдели болмағаны менен «хаў» дегенде қасындағылар қорқып кететуғын жүдә ири даўыслы адам болған.

Нурабулла жыраў 3 қобыздың қуўатлаўында сазға қосып таң атқанша ханға қарақалпақ дәстанларынан жырлап береди. Хан жыраўдың бәлент лапызына жүдә қайыл қалады. Ал ханның бала-шағалары түни менен жыраўларды биримлеп қайта-қайта жырлатып әбден шаршатады. Сонда Нурабулла жыраў:

жантақлы жерде сона бар,
тек жүрмегенге бәле бар,
және бир сөзим және бар,

деп изин ҳаял-қызларға ақыл-нәсият сөзлерден қуралған терме менен алып кетеди. Сонда екинши қабатта жыраўды тыңлап отырған ханша үлкен орамалға пул түйип жыраўдың алдына дүрс еттирип таслайды. Жыраўлардан кеўли толған хан олардың ҳәр бирине арнап шапан жаўған, ал Нурабуллаға жыраўлықтан тапқан табысынан салық алынбасын деп пәтек жазып берген. Усы ўақыядан кейин Нурабулла жыраў Тахтакөпирден халқы көп Қоңыратқа көшип келип жыраўшылық еткен екен...[5].

Халық аўзында Нурабулла жыраў Қызыр "Қыдыр ата" көрген жыраў деген де әпсаналар бар. Бул әпсана бойынша Нурабулла жыраўға ақ кийинген бир қарры ата көринип *"Балам маңлайыңа берейинбе – таңлайыңа берейинбе"* дегенде Нурабулла *"Ата маңлайыма да бер – таңлайыма да бер"* деген екен.

Сонда Нурабулла жыраўдың «*Ата маңлайыма да бер»* деген тилеги, бул жыраўдың өмири даўамында Алла таланың берген талантының арқасында 24-тей шәкиртти изине ертип ҳалық арасында жыраўшылық қылып жүргенлигинен ҳәм өз перзентлери, ақлықшаўлықларының да усы кәсипти бүгинги күнге шекем әўлатдан-әўлатқа шынжырма-шынжыр даўам еттирип келгенлигин айтатуғын болсақ, ал, оның «*таңлайыма да бер ата»* деген бул тилеги, Нурабулла жыраўдың бүл-бүл зибан ҳош ҳаўазлы, бәлент лапызлы ҳәм халық тилиндеги әпсанаўий жыраў болғанлығын көриўге болады.

Жуўмақлап айтқанда, уллы жыраў хаққында халық арасында белгили болған усындай әпсаналар ҳәм қызықлы мағлыўматлар еледе көп. Олардың барлығы да мәзи бөрттирме сөзлер емес, болмыстан алынған ўақыялар да болыўы мүмкин. Өйткени, ҳәр қандай өнер ийесине байланыслы айтылған аңыз-әпсаналардың төркининде әлбетте ҳақыйқатлық та жатады.

**Әдебиятлар**

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў бақсылары. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 1983, 29- б.
2. С.Аяповтың дала жазыўлары. 2024 жыл Қоңырат р/н.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў бақсылары. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 1983, 30-31-б.
4. С.Аяповтың дала жазыўлары 2024-жыл Қоңырат р/н.
5. Ерманов Е. Жумабай Жыраў Базаров. –Нөкис: «Қарақалпақстан» ис 2000, 8-12- б.

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақола қорақалпоқ жировчилик санъатида ўзининг сезиларли даражада ўрни бор, бир қанча атоқли шогирдларнинг устози Қаражан ўғли Нурабулла жиров ҳақида ёзилган. Бунда жировнинг халқ оғзаки афсоналаридан ташқари, авлодларининг жиров хақидаги бизга сўзлаб берган маълумотларини хам келтириб ўтдик.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья написана о Нурабулле Жирове, сыне Каражана, занимающем значительное место в творчестве каракалпакского жирова, учителя нескольких известных учеников. Помимо легенд о Жирове в устах народа, мы упомянули и сведения, которые нам рассказали о Жирове его потомки.

**SUMMARY.** This article is written about Nurabulla Zhirov, the son of Karazhan, who occupies a significant place in the work of the Karakalpak Zhirov, the teacher of several famous students. In addition to the legends about Zhirov in the mouths of the people, we also mentioned the information that his descendants told us about Zhirov.

## MILLIY OYANÍW DÁWIRI HÁM LIRIKALÍQ QAHARMAN MÁSELESI

**P.Dabılov** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** milliy uyg'onish davri, publitsistik lirika, lirik qahramon, lirik personaj, shoir obrazi, badiiy detal, lirik konflikt, estetik ideal, badiiy obraz.

**Ключевые слова:** эпоха национального возрождения, публицистическая лирика, лирический герой, лирический персонаж, образ поэта, художественная деталь, лирический конфликт, эстетический идеал, художественный образ.

**Key words:** the era of national revival, journalistic lyrics, lyrical hero, lyrical character, image of the poet, artistic detail, lyrical conflict, aesthetic ideal, artistic image.

XX ásirdiń 80-jıllarınıń ekinshi yarımında burınǵı Keńes húkimetiniń jámiyetlik turmısında júz bergen sociallıq-siyasiy waqıyalar hám ruwxıy daǵdarıslar milliy oyanıw dáwiri sıpatında tariyxqa kirdi.

Bul jańalanıw dáwiriniń ádebiyatı dógereginde óz waqtında hám házir de qızǵın diskussiyalar hám kózqaraslar bildirilmekte.

Milliy oyanıw dáwiri lirikasına tán bolǵan bunday ózgeshelikler tuwralı ózbek ádebiyatshısı I.Haqqulov bılay deydi: «Insan balası óz átirapın jalǵan, aldaw hám illetler orap alǵanlıǵın tereń seze baslaǵanda haq sózdiń dilgirine aylanadı. Sonda ol márt shayırdı ańsaydı. Bul – negizinde ózin shayır bilip, mazmun shegarası tar, hár túrli júzeki gápler menen kewillerdi ıǵır qılǵan qanshadan-qansha qálemkeshlerden beziw, belgili bir áwladtıń aldıńǵı wákilleri pikir hám júrek dártlerin taza sezimler menen sáwlelendire alatuǵın shayır hawazına bolǵan mútájlikdur» [3:123]. Jańalanıw dáwiri dep atalǵan jıllardaǵı ózbek

poeziyasında lirikalıq qaharman obrazınıń ózine tán ózgeshelikleri tuwralı belgili ádebiyatshılardıń biri I.Tulakov: «Búgingi poeziya orayındağı qaharman dáwir sıyaqlı tınımsız, háreketsheń bolıwı menen birge, tereń pikirley alatuğın insan. Lirikalıq qaharman tábiyatındağı bunday ózgerisler sociallıq-siyasiy turmısta júz bergen waqıya hám hádiyseler menen tığız baylanıslı ekenligin názerden shette qaldırmawımız kerek» [7:13], - degen edi. Sonday-aq, ózbek ádebiyatshısı U.Hamdamov ótken ásirdiń 70-jıllarında poeziyağa kirip kelgen áwladtıń dóretiwshilik xızmeti uzaq waqıt ádebiyatımızdı óz qısımında uslap turğan ideologiya basımınan bir qansha erkin halda baslanğanlığı hám 80-jıllardan baslap onnan qutıla baslağanlığı haqqında ayta kelip: «Jámiyette ústem ideologiyanıń tiykarı bolğan socializm ideyasına isenim páseygen hám keyinirek «tubalaw dáwiri» dep atalğan dáwir bir qatar tárepleri menen jádidler «ğáplet, jáhillik» dep atağan sharayatqa uqsas edi. Bar jağdaydı tereń sezingen bul áwlad óziniń tiykarğı wazıypasın xalıqtı «oyatıw»da dep bildi. Hám bul maqsetke erisiw ushın jámiyettegi maqtanshaqlıq illetlerdi ashıp kórsetti, xalıqtıń baxıtsızlıq jağdayı hám buniń negizgi sebepleri haqqında báseke júritti, oqıwshılardı bul haqqında pikirlewge bağdarladı, usığan úyretti. Usı mániste 70-jıllar áwladı ádebiyatımızdağı milliy oyanıwdıń ekinshi tolqını» [2:24], dep jazadı. Bunday jağday tek ózbek ádebiyatında emes, al sol dáwirdegi burıngı awqam qol astındağı barlıq xalıqlar ádebiyatında da júz berdi. Sonıń ishinde, qaraqalpaq ádebiyatında da.

Bul dáwirde shayırlardıń shığarmalarında xalıqtıń sociallıq turmısın tez hám dál jetkerip beriwde, lirikanıń eń jawınger janrı dep esaplanğan publicistikalıq lirika óziniń ómir hádiyselerine házirjuwaplılığı hám qolaylılığı menen kózge tústi. Nátiyjede, bul dáwirdegi lirikada publicistikalıq sıpat kúsheydi, kúndelikli turmıstıń ashshı haqıyqatlıqların sáwlelendiriw tendenciyası tereńlesti.

Bul qubılıs qaraqalpaq poeziyasında, sonıń ishinde I.Yusupovtıń dóretiwshiliginde de ayqın kórine basladı.

Avtor bul dáwirdegi dóretpelerinde jańa zaman adamı bolğan qaharmanlardı (shayır obrazı, lirikalıq personaj, lirikalıq qaharman) geyde detallastırılğan obrazlar, al geyde ashıqtan-ashıq aytıw jolı menen de jaratıp berip otıradı. Máselen, «Jol samalı», «Keshki jol oyları», «Plaxa izlep», «Qıyın hal» qosıqlarında detallastırılğan, «Ashıq sóz»de tuwrıdan-tuwrı, «Sáwbetli aqsham»da sáwbet forması, «Dialektika» shığarmasında bolsa parallelizm súwretlew usılları arqalı qaharman obrazlarınıń jasalğanın kóremiz. Endi usı shığarmalardıń ayırımlarına óz aldına toqtap, olarda jaratılğan qaharman obrazlarına arnawlı tallaw jasap kóreyik.

Mısalı ushın, onıń «Jol samalı» qosığın alıp qarayıq. Shığarmanıń atamasınıń ózi – kórkem detal, yağnıy «jol» - insan ómiri, «samal» - jańa dáwir mánisin beriw maqsetinde qollanılğan. Endi usı qosıqtı oqıp baslayıq:

Arğımaqlar qan sorpa bop qansırap,
Omırawdan aq kóbigi tamshılap,
Ala shańğıt ullı jolda baramız,
Zaman keler atımızdı qamshılap…
…Hesh pursat joq sál tınığıp toqtawğa,
Jol qoyılmas albawlıqtı aqlawğa.
Sert aytqanbız júzimiz shań bolsa da,
Ar-namıstıń tazalığın saqlawğa [8:72].

Avtor obrazlardı detallastırıp (arğımaqlar, ullı jol, pátli samal, ot) beriw arqalı ótken ásirdiń 80-jıllarınıń ortalarında jámiyetimizge jedel pát penen kirip kelgen jańa dáwir hám onıń adamlarınıń kelbetin sızıp beredi. Qosıqta eki taypadağı adamlardıń obrazı jasalğan. Birinshisi – «ar-namıstıń tazalığın saqlawğa sert etken» jańa dáwir áwladları, al ekinshisi:

At eziwin jırtsa temir awızlıq,
Birew ańlır «alsam-dep-bir bawızlıq».
Birewler der: sumlıq ğoy bul oyanğan
Insap penen Húјdan degen jawızlıq.
Tatlı túsler kórip jatqan jerinde,
Kim turğızdı bul ekewdi búginde?
Sál oyansa sharap berip, saz shertip,
Qoyıp edik uyıqlatıp bağ tórinde…» [8:72].

-dep turğan ğárez niyettegi nákas adamlardıń topari. Bir qızıqlı jeri, qosıqta úshinshi taypağa kiretuğın adamlardıń da obrazı súwretlengen. Bular – jańa dáwirdiń epkinine qosıla almay tek qızıqqa qarap turğan tamashagóy adamlardıń todası. Qosıqta shayır tımsalındağı insan birinshi taypadağı toplımnıń ishinde ullı keleshekke qaray at shawıp baratırğan milliy oyanıw dáwiriniń qaharmanı sıpatında sáwlelenedi. Biraq, ol báribir óziniń is-háreketlerine kewli tolmaydı. Bunı waqıtsha, ótkinshi háwes dep esaplaydı. Shayırlıq ismin mángige mórleytuğın «poeziya-shamshırağı»na bir qayrılıp ketiwge pursat taba almay baratırğanına ókinedi. Bul – birinshiden, qosıqtağı konflikti, ishki dramatizmdi kúsheytse, ekinshiden, mángilikke umtılıp atırğan shayır tımsalındağı insannıń qatardağı adamlardan ádewir joqarı turatuğınlığın tastıyıqlaydı. Solay etip, shayır óziniń usı jıllardağı bir qatar qosıqları arqalı ***shayır tımsalındağı insan obrazın*** jaratıwdıń eń jaqsı úlgilerin berdi.

Shayırdıń bul dáwirdegi lirikalıq qaharmanlarınıń tilinde kem-kemnen publicistikalıq belgiler kúsheyip, olar ózleriniń jámiyetlik-siyasiy turmısta júz berip atırğan qáte-kemshiliklerdi, unamsız illetlerdi jasırmay, ashıq túrde aytıwı, social-jámiyetlik belsendiligi hám ápiwayı xalıqtıń turmısına jaqınlasıwı menen ótmishtegi kóbirek miynet maydanındağı teperishligi menen ğana kózge túsken, sonday-aq, dáwir shınlığın aytıw barısında jasqanshaqlıq etken tartınshaq lirikalıq qaharmanlardan túpten parıq qıladı. Jańa dáwir ádebiyatınıń qaharmanları mine, usınday joqarı temperamentliligi, biraz shurt minezliligi, mártligi, batıllığı arqalı xalıqtıń júregindegi sózlerdi tawıp ayta aldı. Sonlıqtan, bul oqıwshınıń da diydisine mas keldi. Avtordıń dáwir shınlığın usınday poziciyada turıp, burmalamastan, turmıslıq faktlerge kóbirek múráját etiwi – bul lirikada hújjetliliktiń artıp baratırğanlığın kórsetedi. Shayırdıń «Ashıq sóz», «Qayta qurıwdıń ballarına» qosıqlarında publicistikalıq sıpat penen hújjetlilik óziniń eń biyik shıńına jetedi. Bul qosıqlardağı lirikalıq qaharman «pátli samal» kibi jedel kirip kelgen jańa dáwirdi «úlken maqset, jańa úmitler menen» qarsı alıp, jańalıqtı jatırqap, ele eski dáwirdiń sarqıtları menen jasap atırğan ayırım kimselerdi ğárremlikte, xalıqtan ózin bólek tutqanlıqta ayıplap, paraxorlıqtı, ashkózlikti, nızam buzıwshılıqtı, jalqawlıqtı, ağayinshilikti, juwapkersizlikti h.t.b. negativ qubılıslardı ayawsız túrde áshkaralaydı. Mısalı:

…Tásil-hiyle, para, ağayinshilik
El tágdirin shay ústinde hal qıldı.
…Ańlamappız, aradağı dasturxan
Aylanıp júr eken hátte millionnan…
Panalap nızamnıń polat qalqanın,
Paraxor yuristler súrdi dáwranın [9:26].

Bul qosıqta adamlardağı eski dáwir kózqarası menen jańa dáwir ideyaları óz-ara soqlığısadı. Lirikalıq qaharman jańalıqtıń tárepdarı sıpatında adamlardı nápsi bálesinen qashıwğa, ádalat, insap, qánáát, haqıyqat sıyaqlı insanıylıq pazıyletlerdiń mángilik ekenligine úndep, bul jolda bárháma xalıq penen birge bolıwğa shaqıradı:

Kóp penen kórgeniń ullı toy demek,
Keliń mártlik, hújdan shaqırğan jaqqa,
Baxıt ushın jol joq xalqıńnan bólek,
Alağada bolmań qıysıq soqpaqqa [8:100].

Milliy poeziyamız ótken ásirdiń sońğı sheregindegidey, sociallıq turmıs waqıyalarına, siyasatqa, milliy-mánawiy qádiryatlarğa bunshelli dárejede jaqın kelip, aktiv aralaspağan edi. Demek, bul faktler litvalıq shayır Eduardas Mejelaytistiń «Lirika óz ásiriniń hádiyseleri, óz dáwiriniń ideyaları menen toyınğanda ğana bay hám áhmiyetli boladı» [1] - degen pikiriniń qanshelli dárejede haqıyqat ekenligin tastıyıqlaydı.

Milliy oyanıw dáwirinde insannıń ar-namıs, hújdanın birinshilerden bolıp tárezige tartıp, bul jolda sergek hám tınıp-tınshımas júrek penen jasaw – usı dáwirdegi basqa da shayırlarımızdıń lirikasına tán bolğan qubılıslardıń birine aylandı.

Shayır M.Seytniyazovtıń usı jıllarda jazǵan «Hújdan» atlı qosıǵı jámiyettegi usınday siyasiy kózqaraslardıń juwmaqları sıpatında beriledi. Ondaǵı lirikalıq qaharman hám onıń ruwxıy tolǵanısları ar-namıs, hújdanı ayaq astı etip kelingen xalqımızdıń júrek jańǵırıqları bolıp jańlap esitiledi. Qosıqta azatlıqtı ańsaǵan miynetkesh xalıqtıń arzıw-ármanları, basıp ótken azaplı jolları hújdan túsinigi arqalı ashıp beriledi hám bir ómir tunshıǵıp jasap kelgen hújdannıń endi jarıqlıqqa shıǵıp kiyatırǵanlıǵı sóz etiledi:

Qıyanet shırası sónip kiyatır,
Sen kútken tuqımlar ónip kiyatır,
Bári jaqsılıqqa dónip kiyatır,
Bul jaqsılıq seniń ármanıń eken… [6].

Al, shayır T.Sársenbaevtıń «Búgingi kún» atlı qosıǵında simvoliko-metaforalıq obrazlar járdeminde jasalǵan lirikalıq qaharmannıń insan haqqındaǵı oy-pikirleri sáwlelenedi. Qosıqtaǵı quyash obrazı – pákliktiń, ruwxıy tazalıqtıń, jaqsılıqtıń belgisi sıpatında beriledi. Shayırdıń estetikalıq idealı – birin-biri aldamaytuǵın jańa adam obrazı. Lirikalıq qaharman quyashtıń nurı barlıq adamlardıń kewil kirlerin juwıp, olardıń pák hám biyǵubar adamlarǵa aylanıwın qáleydi:

Hámme jadırasa bir bapta
Turǵan soldatlarday bir sapta!
Qaysı quyash, qaysı insannıń,
Ańǵaralmay qalsa edi, janıń?! [5:40]-dep árman etedi.

Shayır K.Karimov «Bir zavmagtıń shayırǵa aytqanı» qosıǵında jámiyetlik áhmiyetke iye bolǵan máseleni kóteredi. Socializm dáwirinde ilimde «materiya birinshi me, yaki ideya?» degen eki túrli kózqaras arasında tınımsız gúres barar, bul gúreste materialistlerdiń tárezide tası basım keler edi. Sonıń saldarınan, jámiyette jasawshı adamlardıń ishki dúnyasında ruwxıyat túsinigi biraz gúńgirtlesip, óziniń qádir-qımbatın joǵaltıp alǵan edi. Ayırım adamlar tek mal-dúnya jıynawǵa, úlken mánsaplı lawazımlardı iyelewge qumar boldı. Bul tek jeke adamlardıń ǵana emes, al sol dáwirdegi jámiyettiń de awırıwlı noqatlarınıń biri edi. Qosıqta usınday taypaǵa kiretuǵın ayırım adamlardıń tipi – sawda xızmetkeriniń xarakteri ashılǵan. Bir ómir materiallıq baylıqtı ruwxıy baylıqtan joqarı qoyıp kelgen, tek zatlıq dúnyaǵa tabınıp jasaǵan bul lirikalıq qaharman keyninde óz qátesin túsinip, hújdanı qıynala baslaydı hám óz dártin aytıp shayırǵa jarıladı. Bul arqalı shayır ruwxıyattıń bahasın joqarı kóterip, jámiyettegi hár qanday jalǵan ideyalar óz kúshin joǵaltıp, dúnya óz halına qaytadı, demekshi. Sonıń menen birge, bul socialistlik dúzimniń ıdırawına hám jámiyette milliy sana-sezimniń oyanıwına da ishara edi:

Erteklerge ayttım: xosh bolıńlar dep,
Qosıqlarǵa ayttım: xosh qalıńlar dep,
Dedim: biyhuwdasız kórkem qıyallar,
Tabınıwım dárkar materiyaǵa tek.
…Biraq kewil qurǵır megzey beredi,
Ishi bosap qalǵan kárwansarayǵa [4:31].

Demek, shayırdıń lirikalıq qaharman obrazın jaratıwdaǵı bir ózgesheligi – qısqa kólemli (qosıq barı-joǵı 3 bántten ibarat) qosıq qatarları menen-aq dáwirge xarakterli pikirdi ayta alıwında.

Sonday-aq, bul dáwirde I.Yusupovtıń «Ashıq sóz», «Jáne báhár keldi. Biraqta», «Lavanda», «Saǵalayaq», «Aral elegiyaları», «Bayıwlıǵa», «Tırnalar», «Korabller qoyımshılıǵındaǵı eles», «Monokultura haqqında qosıq», «Anemiya», «Gúz kórinisi», Sh.Seyitovtıń «Akademik Marat Nurmuxammedovtıń Turkiya saparına atlanarında tuwısqan respublikanıń bir ilimpazına aytqanı», «Keleshek górdeymeken, jerdi de jerleymeken?!», «Tuńǵısh hasıl», T.Sársenbaevtıń «Qara tallar qıyrasa», J.Izbasqanovtıń «Keshir bizdi, tábiyat anamız», K.Karimovtıń «Saǵınǵan Aral (dúrkim)», «Suw tasıwshı», «Butifos», «Suwdıń dámi», «Kútiw zalı», «Bas iyemen, ana tábiyat» sıyaqlı qosıqlarında tábiyat hám insan, paxta monokulturası, ekologiyalıq mashqalalar haqqında sóz etiledi. Bul shıǵarmalardaǵı lirikalıq qaharmanlar tábiyat tuwralı dárt hám táshwishlerge beriliwi, turmıs hám insan haqqında ulıwma adamzatlıq máselelerdi ortaǵa qoyıwı, filosofiyalıq oy-pikirlerge múrájat etiwi menen dıqqatımızdı ózine tartadı. Hár bir shayırdıń tábiyat hám insan ortasındaǵı qarım-qatnaslardı lirikalıq qaharman obrazı arqalı ashıp beriwde ózine tán jolları bar.

Solay etip, milliy oyanıw dáwirindegi qaraqalpaq lirikası, sonıń ishinde, I.Yusupov shıǵarmalarında ádep-ikramlılıq máselelerin sóz etiwde dáwirge xarakterli pikirlerdiń sáwleleniwi, ózine tán sóz saplaw usılları hám shıǵarmanıń mazmunın ashıp beriwde lirikalıq qaharman obrazın jasawdaǵı ózgeshelikleri menen kórinedi.

**Ádebiyatlar**

1. Eduardas Mejelaytis. Sher – inson ruhiyati. O‘z.AS., 19.07.1981, 12-son.
2. Hamdamov U. XX asr o‘zbek sheriyatida badiiy tafakkur tadrijining ijtimoiy-psixologik xususiyatlari: Filol.fan.dokt...diss... avtoref. -T.: 2017. 24-b.
3. Ibrohim Haqqul. Abadiyat farzandlari. –Toshkent: 1990. 123-b.
4. Karimov K. Araldan keldim. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1991. 31-b.
5. Sársenbaev T. Shabıwıl. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1989. 40-b.
6. Seytniyazov M. //«Sovet Qaraqalpaqstanı». 15. II. 1986.
7. Tulakov I. Hozirgi o‘zbek lirikasida davr va qahramon talqini. Doktor. dissertaciya avtoreferati… -T.: 1994. 13-b.
8. Yusupov I. Tańlawlı shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı. I tom. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 72, 100-b.
9. Yusupov I. Tańlawlı shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı. II tom. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 26-b.

**REZYUME.** Maqolada XX asrning 80-yillarida badiiy adabiyotdagi milliy uyg‘onish davri masalalari haqida so‘z boradi. Lirikada davr muammolarini tasvirlashda publitsistik lirika ustunlik qildi. Ushbu masalalar lirik qahramon obrazi orqali ochib beriladi. Milliy uyg‘onish davri, lirik qahramon, lirik personaj masalalari I.Yusupov, M.Seytniyazov, T.Sarsenbaev, K.Karimov asarlari misolida tadqiq qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о проблемах национального возрождения в художественной литературе 80-х годов XX века. В текстах песен преобладала публицистическая лирика, описывающая проблемы того времени. Эти вопросы раскрываются через образ лирического героя. Вопросы периода национального возрождения, лирического героя, лирического персонажа изучаются на примере произведений И. Юсупова, М.Сейтниязова, Т.Сарсенбаева, К.Каримова.

**SUMMARY.** The article talks about the problems of national revival in fiction of the 80s of the twentieth century. The lyrics were dominated by journalistic lyrics describing the problems of that time. These questions are revealed through the image of the lyrical hero. Issues of the period of national revival, lyrical hero, lyrical character are studied using the example of the works of I.Yusupov, M.Seitniyazov, T.Sarsenbaev, K.Karimov.

## ӘЖИНИЯЗ ЛИРИКАСЫНДА ТӘРИЙИПЛИК ШЫҒАРМАЛАР

**Б.А.Давлетов –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** таъриф, мавзу, жанр, шакл, маҳорат, лиризм, сифатлаш, эпитет, гипербола, портрет.
**Ключевые слова:** определение, тема, жанр, форма, мастерство, лиризм, квалификация, эпитет, гипербола, портрет.
**Key words:** definition, theme, genre, form, skill, lyricism, qualification, epithet, hyperbole, portrait.

XIX әсир классик әдебиятының белгили ўәкили Әжинияз Қосыбай улы қарақалпақ поэзиясын идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық ҳәм көркемлик жақтан байытқан шайыр. Ол қарақалпақ